



Pou Piblikasyon Imedya: 01/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE NOUVO PWOGRAM AVANTAJ FAMASI MEDICAID NAN TOUT ETA A

*Tranzisyon kie yo t ap tann depi lontan pou pase nan [NYRx](#) ofri uit milyon manm aksè elaji ak medikaman sou preskripsyon nan plis pase 5,000 famasi nan tout eta a*

*Chanjman envesti 705 milyon dola nan finansman Medicaid Direkteman bay founisè 340b yo, ki gen ladan pwogram VIH/SIDA Ryan White yo, sant sante ak lopital ki kalifye federalman*

Gouvènè Kathy Hochul te lanse jodi a [NYRx](#), ki se nouvo pwogram avantaj famasi eta a, ki pral amelyore aksè ak kouvèti medikaman sou preskripsyon pou uit milyon Nouyòkè ki enskri nan Medicaid nan tout eta a. Tranzisyon ke y ap tann depi lontan pral pèmèt benefisyè Medicaid jwenn aksè ak plis medikaman sou preskripsyon ak mwens restriksyon, diminye konfizyon sou medikaman jenerik ak medikaman mak komèsyal pwogram lan kouvri, epi kreye pi gwo rezo famasi nan Eta New York.

"Tranzisyon nan NYRx jodi a se pi bon enterè Nouyòkè sa yo ki konte sou Medicaid pou medikaman sou preskripsyon abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplis elaji kouvèti ak aksè atravè pwogram sa a, n ap angaje tou plizyè santèn milyon dola Medicaid adisyonèl pou re-envesti nan founisè enpòtan yo, ki gen ladan pwogram Ryan White yo ak Sant Sante ki kalifye federalman, pou asire chanjman sa a san pwoblèm epi li gen enpak pozitif atravè tout eta nou an."

Dapre modèl NYRx la, pwogram Medicaid Eta New York la pral peye depans famasi yo dirèkteman, sa ki elimine nesosite pou òganizasyon swen jere yo pou administre avantaj sa a atravè manadjè avantaj famasi yo. Nouvo pwosesis la kreye transparans nan ranbousman bay famasi yo, sa ki pwofite pouvwa acha eta a pou negosye ak pwodiktè medikaman yo, epi rasyonnalize administrasyon pou pratikan yo.

NYRx amelyore kouvèti asirans pou benefisyè Medicaid tou lè li ouvri aksè ak yon rezo atravè eta a ki gen plis pase 5,000 famasi. Anplis de sa, chanjman an etabli yon lis konplè sou medikaman jenerik ak medikaman mak komèsyal ki kouvri nan kad pwogram nan, ki gen ladan tout medikaman FDA apwouve yo, ki pral elaji kouvèti medikaman sou preskripsyon pou benefisyè Medicaid yo.

Anplis de sa, NYRx pral rasyonnalize pwosesis la pou pratikan yo. Olye pou yo travay atravè diferan règ ak limit pou pwoteksyon nan kad òganizasyon swen jere, famasyen ak doktè yo pral kapab preskri medikaman ki baze sou yon lis inifòm ki mwens restriksyon epi ki gouvènè pa yon konsèy ekspè piblik ki endepandan.

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare,** "Chanjman jodi a nan direksyon yon modèl avantaj famasi ki genfrè pou sèvis se bon desizyon pou New York epi asire tout kominote yo atravè eta a pral kontinye gen aksè ak medikaman sou preskripsyon nan pri ki ba. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li kòm yon defansè divès kominote New York yo epi sipòte totalman pwopozisyon li a pou ajoute 705 milyon dola nan bidjè Ane Fiskal 2024 la pou founi òganizasyon san bi likratif ak lopital eta yo —ki gen ladan sant Ryan White la ki sèvi pasyan ki enskri nan pwogram VIH/SIDA yo — finansman yo bezwen pou yo kontinye ofri sèvis esansyèl pou kèk nan popilasyon ki pi vilnerab nan eta a."

**Direktè Medicaid Eta New York la, Amir Bassiri, te deklare,** "Uit milyon Nouyòkè ki enskri nan Medicaid yo pral resevwa menm medikaman sou preskripsyon yo, sèlman ki soti nan yon rezo famasi ki pi gwo san frè siplemantè epi avèk mwens restriksyon ak mwens konfizyon pase anvan. Avèk tranzisyon sa a, pwogram Medicaid nou an pral peye tout famasi yo dirèkteman olye yo konte sou entèmedyè antrepriz ki pa toujou aji nan fason ki ann akò ak enterè manm Medicaid yo. Sa pral kreye alafwa transparans ak efikasite ki pral travay nan avantaj manm nou yo epi asire aksè ak bon jan kalite swen sante ki santre sou pasyan yo."

Bassiri te repete avantaj tranzisyon an ki santre sou pasyan yo nan yon [atik opinyon](#) ki te pibliye semèn sa a nan Buffalo News. Tranzisyon an sipòte tou pa òganizasyon famakolojik yo ak divès founisè swen sante, tankou pi gwo Sant Sante ki kalifye nan nivo Federal eta a.

An previzyon ak NYRx ke y ap metet an aplikasyon an, Gouvènè Hochul te angaje 705 milyon dola Medicaid nan bidjè Ane Fiskal 2024 li a pou asire ke founisè swen sante 340b yo ki te resevwa finansman enpòtan atravè pwogram famasi yo pa afekte negativman pa tranzisyon an. Nan 705 milyon dola, bidjè a re-vesti 30 milyon dola nan finansman Medicaid eta pou pwogram VIH/SIDA Ryan White yo, 250 milyon dola nan finansman Medicaid eta ak federal nan Sant Sante ki kalifye nan nivo Federal, ak 425 milyon dola nan finansman Medicaid eta ak federal nan lopital yo

Okòmansman adopte an 2020 nan Bidjè Ane Fiskal 2021 an, tranzisyon an pral ede tou abòde kwasans rapid Eta New York nan depans famasi Medicaid yo, ki te estimile sitou pa manadjè avantaj famasi yo ak lòt entèmedyè nan chèn apwovizyonman medikaman sou preskripsyon an. Tranzisyon an te retade pa Bidjè Ane Fiskal 2022 a, ki te pouse aplikasyon an jiska jodi a, 1e avril 2023.

Benfisyè Medicaid oswa lòt moun ki gen kesyon oswa ki bezwen asistans ak NYRx ka vizite [sitwèb pwogram lan](#), voye imèl bay [NYRx@health.ny.gov](mailto:NYRx@health.ny.gov) oswa kontakte Liy

Asistans Medicaid la nan 1-855-648-1909 or TTY 1-800-662-1220. Liy Asistans lan disponib ant 8 a.m. jiska 8 a.m. lendi pou rive vandredi, epi ant 9 a.m. jiska 1 p.m. nan samdi oswa dimanch.

Depatman Sante eta a te prepare tou yon [fich enfòmasyon](#) ki disponib nan plizyè lang pou konsomatè k ap reponn kesyon debaz sou tranzisyon an. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib nan [sitwèb eMedNY la](#).

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare,** "Dapre NYRx, kontribyab nou, founisè yo, ak famasi endepandan yo pral finalman resevwa rezo Medicaid yo te merite depi lontan an. Sistèm anvan an pa te dirab finansyèman epi natirèlman li te enjis pou pwofesyonèl swen sante nou yo nan ki nan devan liy yo nan kominote a - epi ekonomi ki te pwodwi pa nouvo eksklizyon sa a pral dirèkteman re-vesti nan lopital nou yo ak sant sante nou yo pou asire tranzisyon ki pi solid posib. Aksyon sa a se yon viktwa pou tout moun ki enplike eksepte entèmedyè konpayi medikaman yo ki p ap kapab anake kontribiyab, pasyan, ak founisè eta a yo ankò. "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip sou pwoblèm enpòtan sa a.

**Heather Ferrarese, Prezidan Sosyete Famasyon nan Eta New York (Pharmacists Society of the State of New York), te deklare,** "PSSNY fyè pou li mete ansanm ak famasyon parèy nou yo nan rekonèt ak rejte efò ki vize sabote NYRx. Chanjman pou pase nan NYRx jodi a pral amelyore anpil aksè pasyan yo ak medikaman ki kapab sove lavi ak lòt sèvis famasi nan alafwa zòn riral ak iben yo atravè eta a. Li pral ogmante transparans, epi pasyan Medicaid yo pral gen yon fòmil medikaman agrandi ak aksè ak youn nan pi gwo rezo famasi nan peyi a pou yo ka itilize famasi yo chwazi yo. Pou uit milyon pasyan Medicaid New York yo, NYRx se bon preskripsyon pou satisfè bezwen swen famasi pa yo."

**Prezidan Asosyasyon Famasi Kominotè Eta New York (Community Pharmacy Association of New York State) Michael Duteau, te deklare,** "Nou felisite Gouvènè Hochul ak Lejislati eta a pou refòm sa a ki sove lavi pou elaji aksè ak kalite swen famasi pou tout moun ki gen Medicaid yo. Pasyan yo pa pral oblije suiv egzijans rezo famasi ki gen restriksyon yo ki fikse pa manadjè avataj famasi yo epi yo pral gen yon sèl fòmil medikaman ki konstan nan tout eta a ki kouvri 100 pousan medikaman FDA apwouve yo. Sa pral amelyore swen pou Nouyòkè yo nan kominote ki defavorize yo ak VIH, Epatit C, dyabèt, opresyon, sante mantal ak maladi itilizasyon sibstans ak lòt maladi grav ak kwonik."

**Ofisye Finansye An Chèf Sun River Health la, ki se James Sinkoff, te deklare,** "Pwogram NYRx Eta New York la reyalize anpil nan objektif pwogram 340b a. Sa ki pi enpòtan, relasyon ant pasyan ak doktè a pa pral antrave nan kad nouvo pwogram sa a. Sun River Health remèsye Gouvènè Hochul dèske li rekonèt bezwen pou kenbe resous esansyèl yo pou asire pasyan yo ka kontinye resevwa bon jan kalite swen sante abòdab san entèripsyon."

**Direktè Egzekitif Jeneral Refuah Health la, Chanie Sternberg, te deklare,** "Pandan plizyè ane ki sot pase yo, Eta New York te fè fas ak defi san parèy nan bay bon jan kalite swen sante ak asire aksè ak sèvis pou moun ki plis bezwen li yo. Pandan ke toujou gen anpil baryè ki bezwen adrese pandan n ap travay ansanm pou reyalize ekite sante, jodi a nou ta renmen pwofite opòtinite pou remèsye biwo Gouvènè a pou sipò yo epi paske yo pran etap enpòtan yo pou asire kontinwite swen ak aksè ak sèvis pou Nouyòkè ki vilnerab sou plan medikal yo epi pou sila yo ki pa jwenn ase sèvis yo."

**Doktè Andrew Symons, nan Akademi Doktè Familyal Eta New York (New York State Academy of Family Physicians), te deklare,** "Nan non 6,000 manm doktè familyal nou yo atravè Eta a, nou bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul ak Lejislatè Eta yo paske yo te elaji aksè pasyan yo ak swen famasi nan kad Medicaid nan dat 1e avril. Politik enpòtan sa a, ke yo rekonèt kòm NYRx, pral bay yon sèl fòmil ki kouvri tout medikaman FDA apwouve yo, bay yon seri règ pou moun ki preskri yo swiv pou jwenn kouvèti ki nesèsè pou pasyan yo epi bay pi bon aksè ak terapi ki kapab sove lavi pou pasyan Medicaid yo. Nou felisite lidèchip yo nan fè etap transfòmatif sa a avanse nan direksyon pou amelyore swen sante an jeneral nan Eta New York."

###

Lèt nouwl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)